

## FOWOM SITWAYEN POU REFOM LAJISTIS

[www.forumcitoyen.org.ht](http://www.forumcitoyen.org.ht)



**Konferans pou laprès - Madi 29 novanm 2005**

**Fowòm Sitwayen pou Refòm Lajistis**, se yon espas kote [HSI](#), [CEDH](#), [JILAP](#) ki se twa (3) òganizasyon k ap travay sou kesyon dwa moun, te decide met ansanm pou yo reflechi sou ki jan sosyete sivil, ak diferan sektè nan sosyete sivil la ka bay dizon yo sou ki jan jistis lan dwe ye. Pou yo te rive fè sa, yo te monte sa yo rele yon **Fowòm Sitwayen pou refòm jistis la**.

Twa (3) òganizasyon sa yo, te monte yon komite que yo rele [Komite Koòdonatè](#). Komite sa pa la pou li di sa ki dwe fèt, men wòl li se mete diferan sektè yo chita, pou pèmèt yo debat, konsa yo pataje konsta yo fè sou ki jan jistis la te fonksyone, e sa pèmèt yo fè kèk pwopozisyon.

### **Refòm lajistis ann Ayiti**

Depi 20 lane konsa, yo pale sou refòm Lajistis nan peyi a. Anpil jefò gen tan fèt. Anpil lajan fin depanse. Epoutan, pa genyen anpil bagay ki chanje nan fason Lajistis kontinye ap mache. Jodi a ankò, Ministè Lajistis la montre volonte l pou reyalize yon refòm Lajistis, epi l ap travay prese prese sou yon seri anvan pwojè dekrè, ki ta dwe kòmanse yon refòm Lajistis nan peyi a.

Depi nan kòmansman travay li, Fowòm sitwayen an te analize jefò refòm Lajistis sa yo, epi li te mete akèlè ki sa k lakòz yo pa t kapab reyisi. Yo tout te fèt a pati de otorite Leta yo selman, san yo pa t mete sitwayen yo ladan l. Epoutan, se sitwayen yo yo menm, , ki bezwen pou Lajistis fonksyone kòm sadwa.

Nan konferans pou laprès sila a, Komite Kòdonatè Fowòm Sitwayen an ap bay

pozisyon li sou nouvo inisyativ refòm Lajistis Ministè Lajistis la ap mete sou pye, atravè yon seri dekrè Gouvenman tranzisyon an vle mete deyò anvan lontan.

An menm tan, Komite Kòdonatè Fowòm Sitwayen an vle mete aladispozisyon refòm Jistis la eksperyans li kòmanse fè depi lan 2001, lè l te kòmanse travay sou koze a.

### **Men ki sa n panse sou inisyativ Ministè Lajistis la nan konteks aktyel la**

- Komite Kodonatè Fowòm Sitwayen an rekonèt volonte Ministè Lajistis pou tanmen e pou reyalize yon refòm sistèm Lajistis la nan peyi a.
- An menm tan Komite Kòdonatè Fowòm Sitwayen an gen dout sou

kapasite reyèl Gouvènman an pou fè de refòm Lajistis la yon reyalite. Li gen dout sou fason Gouvènman an vle abòde kesyon refòm nan. Dout sa vin pi gran lè n wè Gouvènman an menm pa bay tèt li mwayen pou reyalize l. Gade paegazanp ti bidjè yo bay Ministè a ak aparèy jidisyè a pou fè travay li. Tandiske, toutan y ap repete : jistis, se youn nan pi gwo revandikasyon pèp la genyen.

Epi tou

- Komite Kòdonatè Fowòm Sitwayen an panse, fason kominote entensyonal la wè refòm Lajistis nan peyi d Ayiti a, two teknik e pa ase politik. Menm si aspè teknik yo enpòtan, Lajistis pa sèlman bezwen nouvo kay ak ekipman pou l kab fonksyone, jan yo t ap di sa kèk ane pase. Men refòm Lajistis la mande pou refòm Leta ak pratik li yo tou.
- Komite Kòdonatè Fowòm Sitwayen an konstate tou : refòm Lajistis rete absan nan deba politik yo ak nan pwogram pati politik yo ki ap patisipe nan eleksyon yo.
- Komite Kòdonatè Fowòm Sitwayen an vle mete aladispozisyon sosyete a ak tout moun ki vle yon refòm Lajistis toutbon nan peyi a, pwòp eksperyans li ap ranmase depi 5 lane.

## **Ki sa k manke nan inisyativ Ministè Lajistis la**

Ministè Lajistis la vle tanmen yon refòm Lajistis ak yon seri dekrè sou divès domèn ki touche aparèy jidisyè a e ki genyen awè ak òganizasyon Pouvwa Leta ak Lajistis tankou : Oganizasyon Ministè Lajistis la – Ekzekitif la, Oganizasyon pouvwa jidisyè a, Konsèy siperyè pouvwa jidisyè a, Lekòl kote yo fòme majistra yo, Gadavi, Tarif jidisyè yo, el.

Komite Kòdonatè Fowòm Sitwayen an, aprè diagnostik li ap fè sou Lajistis depi 5 lane, panse apwòch sa a genyen anpil anpil limit, pou plizyè rezon :

- Apwòch la **pa mete aklè depi nan kòmansman ki sa n vle reyalize epi garanti atravè refòm nan** : tankou respè diyite moun ak tout dwa l yo. Li pa mete aklè ki valè nou vle defann atravè refòm nan. Li pa mare ansanm refòm Lajistis ak refòm Leta a. Li pa fè antre refòm nan nan yon pwosesis pou konstwi yon sosyete demokratik ak patisipasyon tout sitwayen. Li pa asire si tout aktè yo dakò sou objektif sila yo.
- Apwòch la pa di aklè **kilès ki aktè refòm nan**, ki kontribisyon yo chak dwe bay, epi ki sa ki ini yo ansanm.
- Apwòch la pa mete aklè **ki sa k fè Lajistis ki la a pa mache**. Li pa pwopoze yon analiz ak yon diyagnòstik. Divès aktè yo pa montre si yo dakò ak analiz sila a.
- Pwojè **dekrè yo ap fèt degrennen**, yo touche divès aspè nan sistèm jidisyè a, yo fèt youn dèyè lòt, san l pa parèt aklè ki lojik ki mare yo tout ansanm.
- Apwòch la ak metòd la, genyen yon danje reyèl ladan l. Dekrè yo kapab rete yon bèl tèks sou papyè, paske **pa gen yon deba piblik ki fèt**, ki fè moun ki bezwen mete yo an pratik rive asepte yo ak tout konviksyon yo.
- Yo pa di ki mwayen yo mete aladispozisyon refòm sila a.
- An menm tan Ministè Lajistis la ap diskite sou kèk pwojè dekrè, Gouvènman tranzisyon an ap **angaje peyi a nan yon seri akò kolaborasyon onivo entènasyonal**, ki kapab enfliyanse e menm bloke yon refòm Lajistis pi devan.

## Men ki sa n pwopoze nan zafè refòm Lajistis la

- Nou pwopoze pou Ministè Lajistis ki la a, pandan ti bout tan li la - paske se yon Gouvènman tranzisyon li ye - kòmanse yon vre refòm lajistis. Refòm sa a pa kapab fèt ak yon seri dekrè. **Yon refòm Lajistis toutbon dwe rezilta yon pwosesis byen planifye e laj, li dwe asire patisipasyon tout aktè yo.** Se sèl fason pou garanti refòm sa a ap reyisi toutbon.
  - Yon fason espesyal, Gouvènman tranzisyon an dwe bay yon enfòmasyon klè sou refòm li vle tanmen an ak sou divès etap ki anndan l. Li dwe enfòme tou sou tout pwojè, tout negosyasyon l ap mennen ak tout akò ki fèt epi ki kapab genyen enfluyans sou refòm Lajistis la pi devan.
  - Nou fè l sonje : premye egzijans tout demokrasi se enfòmasyon transparan e konplè sou sa Gouvènman an ap mennen ak sou rezon ki fè l ap mennen l.
- Komite Kòdonatè Fowòm Sitwayen an mete devan tout aktè yo pwopozisyon li pou fè **yon Pak pou reyalize refòm Lajistis tout moun ap espere a.** Pak sa a dwe pèmèt tout aktè yo antre nan tout egzijans refòm nan genyen ladan li.

- Pami aktè yo, nou konsidere : Majistra yo ak divès Asosyasyon yo ki anndan aparey jidisyè a, Asosyasyon pwofesyonèl avoka yo ak notè yo, Oganizasyon Dwa moun ak lòt aktè nan sosyete sivil la tankou Sendika ak Asosyasyon peyizan elatriye, Pati politik yo ki denmen kapab nan palman an e ki pral genyen kòm wòl pou vote lwa yo ki fè refòm nan vin reyalite.
- **Nou envite yo pou yo debat ak nou sou fondman ak avni refòm nan.**

- Kominote entenasyonnal la ki yon patnè pou zafè finans kapab manifeste apui li ak demach refòm Lajistis la, mensi se **aktè ayisyen yo ki dwe rete mèt li.**
- Pandan n ap travay sou pwosesis la, Gouvènman an kapab pran plizyè mezi pou amelyore fonksyonman aparèy Lajistis la, sitou pou pwoteje jistisyab yo (viktim kou akize) pi byen kont tout kalite abi ak vyolasyon dwa moun yo kapab sibi.

Se konsa Komite Kòdonatè Fowòm Sitwayen an wè refòm lajistis nan peyi a kapab vin yon reyalite.